

**MAKNA LAN FUNGSI UJUB SAJRONE TRADHISI
ING KECAMATAN TROWULAN KABUPATEN MOJOKERTO
(KAJIAN FOLKLOR)**

E-JOURNAL



**DENING:
MEI AYU ROHATININGSIH
NIM 15020114080**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BASA LAN SENI
PENDIDHIKAN BASA LAN SASTRA DAERAH
2019**

**MAKNA LAN FUNGSI UJUB SAJRONE TRADHISI
ING KECAMATAN TROWULAN KABUPATEN MOJOKERTO
(TINTINGAN FOLKLOR)**

MEI AYU ROHATININGSIH

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
meirohatiningsih@mhs.unesa.ac.id

Dra. Suwarni, M.Pd.

Dhosan Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Ujub yaiku wujud tuturan kang diucapake tukang ujub kang lumrahe ngujubake slametan sawise asahan cumawis miturut niyat kajate slametan. Ujub yaiku ngandharake teges lan piguna saben perangane asahan utawa ambeng, banjur dipasrahake marang Gusti Kang Maha Kuwasa lan para danyang kang mbahureksa. Underane panliten yaiku: 1) Apa tegese ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto?; 2) Kepriye wujud ujub sajrone tradhisi?; 3) Kepriye makna ujub sajrone tradhisi?; 4) Kepriye fungsi ujub ing satengahe masyarakat?. Tujuwan saka panliten iki yaiku: 1) Ngandharake tegese ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto, 2) Ngandharake wujud ujub sajrone tradhisi, 3) Ngandharake makna ujub sajrone tradhisi, 4) Ngandharake fungsiné ujub ing satengahe masyarakat.

Panliten iki nduweni paedah teoretis lan paedah praktis. Paedah Teoretis yaiku: 1) Menehi sumbangan tumrap pangrembakane kawruh kabudayan Jawa mligine tradhisi, 2) Menehi panyengkuyungan kanggo nguri-uri tradhisi budaya Jawa, 3) Nambahi kawruh lan wawasan tumrap panyinaon budaya Jawa mligine bab tradhisi. Paedah Praktis yaiku: 1) Tumrap Panliti, kanggo nambahi wawasan sajrone ngrembakake budaya lan tradhisi lisan, 2) Tumrap Pamaca, minangka pangrembakane ilmu kang gegayutan karo budaya lan tradhisi lisan.

Konsep kang digunakake kanggo ngonceki tegese ujub yaiku konsep pewara pamawas saka Arief (2009). Konsep folklor saka Danandjaja (2002) kanggo ngonceki wujud ujub. Konsep semiotik saka Pradopo kanggo ngonceki makna ujub. Konsep fungsi kang digunakake pamawas saka R. Bascom. Makna lan fungsi ujub ditintingi kanthi metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pendhekatan folklor. Obyek kang dititi tuturan ujub. Instrumen panliten yaiku panliti, pedhoman *observasi*, lan dhaftar pitakanan. Teknik nglumpukake kanthi cara *observasi*, wawancara, rekaman, cathetan, transkripsi lan dhokumentasi. Analisis dhata nggunakake metodhe hermeneutika.

Ujub kalebu folklor lisan, amarga awujud tuturan. Wujud ujub sajrone tradhisi yaiku tuturan ujub kang diucapake tukang ujub nalika ngujubake. Makna saka ujub yaiku makna saben asahan kang ana nalika slametan. Fungsi ujub yaiku: minangka sistem proyeksi, minangka piranti pengsahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, minangka piranti panggulawenthah anak, minangka piranti pengawas norma-norma masyarakat lan fungsi liya-liyane.

Tembung-tembung wigati: Tradhisi, Makna, Fungsi, Ujub.

PURWAKA

Bab iki ngandharake ngenani lelandhesan panliten, underaning panliten, tujuwan panliten, paedah panliten, lan wewatesaning tembung.

Lelandhesane Panliten

Indonesia minangka bangsa adiluhung kang nduweni maneka warna budaya. Kabudayan kasebut asale saka maneka dhaerah kang ana ing Indonesia, saben dhaerah nduweni kabudayan dhewe-dhewe yen diklumpukake dadi budaya nasional kang adiluhung. Kabudayan minangka warisan leluhur kang kudu dilestarikake kanthi nggunakake aturan-aturan tartamtu ing jagading bebrayan. Kabudayan minangka asil ciptane manungsa kang ana ing sajrone panguripan (Teng, 2017: 69). Masyarakat Jawa ngugemi kapercayan ngenani siklus

panguripan. Siklus panguripan dianggep minangka perangan saka panguripan kang ditengeri kanthi ritual kang mratandhani tingkatan umur lan kadiwasane pawongan. Upacara siklus panguripan ditindakake wiwit isih ing jero guwa garba nganti ninggal donya. Saben tingkatan siklus panguripan dianggep minangka sawijine bab kang wigati sajrone masa panguripane manungsa. Lumrahe saben siklus panguripan masyarakat Jawa nduweni upacara adat.

Slametan minangka tradhisi kang ditindakake kanthi turun-tumurun dening masyarakat. Nalika slemetan ana asahan kang dicepakake banjur diujubna. Ujub yaiku ikrar kajat utawa donga kang nggunakake basa Jawa kang diwujudake sajrone slametan. Ujub minangka warisan budaya Indonesia kang arupa tradhisi lisan. Panliti milih panliten ngenani ujub kang tinemu sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto jalaran durung ana kang nliti, saliyane iku uga masyarakat Trowulan isih

ngugemi tradhisi slametan kang nggunakake ujub kanthi jangkep lan tumemen tinimbang kecamatan liya-liyane. Adhedhasar pengamatane panliti, tradhisi slametan kang nggunakake ujub isih ngrembaka, mula panliti kepengin medhar wujud, makna, lan fungsi ujub ing satengahe masyarakat ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Underaning Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharna ing ndhuwur, mula bisa dirumusake underaning panliten, yaiku:

- 1) Apa kango diarani ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto?
- 2) Kepriye wujud ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto?
- 3) Kepriye makna ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto?
- 4) Kepriye fungsi ujub ing satengahe masyarakat Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underaning panliten ing dhuwur, mula tujuwane saka panliten iki, yaiku:

- 1) Ngandharake tegese ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.
- 2) Ngandharake wujud ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.
- 3) Ngandharake makna ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.
- 4) Ngandharake fungsine ujub ing satengahe masyarakat Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah utawa piguna. Ing antarane yaiku paedah teoretis lan paedah praktis, jlentrehan ing ngisor iki:

- 1) Paedah Teoretis: yaiku
- 1) Menehi sumbangan tumrap pangrembakan kawruh kabudayan Jawa mligine tradhisi.
- 2) Menehi panyengkuyungan kanggo nguri-uri tradhisi budaya Jawa.
- 3) Nambahi kawruh lan wawasan tumrap panyinaon budaya Jawa mligine bab tradhisi.
- 2) Paedah Praktis yaiku
- 1) Tumrap Panliti yaiku kanggo nambahi wawasan panliti sajrone ngrembakake budaya lan tradhisi lisan ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.
- 2) Tumrap Pamaca yaiku minangka pangrembaka ilmu kang gegayutan marang budaya lan tradhisi lisan ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Wewatesan Tetembungan

Watesane tetembungan ing panliten iki, yaiku:

- 1) Tradhisi yaiku sakabehe adat, kapercayan lan sapanunggalane kang diwarisake kanthi turun-tumurun (Poerwodhaminto, 1984).
- 2) Folklor yaiku saperangan saka kabudayan kang diwarisake kanthi turun-tumurun kanthi lisan utawa lumantar sawijine tuladha kang diwenehi gerak isyarat utawa piranti pambiyantu pangeling-eling. Folklor

lisan utawa *verbal folklore* yaiku folklor kang awujud nyata lisan (Danandjaja, 2002).

- 3) Ujub yaiku wujud tuturan kang diucapake dening kamitawa kang lumrahe ngujubake slametan sawise asahan utawa ambeng cumawis miturut niyat kajate slametan saka asahan iku ana kang dibagei, kaya dene tumpeng lan jenang kang diweruhi dening danyang lan kaki among utawa nyai among (Afandi, 16 Desember 2018).
- 4) Konsep makna. Semiotika yaiku nyinaoni ngenani sistem-sistem, aturan-aturan, konvensi-konvensi tandha-tandha kang nduweni makna (Priminger, 1985).
- 5) Konsep fungsi folklor miturut R. Bascom (Danandjaja, 1997).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Bab tintingan kapustakan isine ngenani andharan babagan konsep utawa konsep-konsep kang gegayutan karo panliten iki. Panliten kanthi irah-irahan “Makna lan Fungsi Ujub sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto” nggunakake tintingan kapustakan kaya kang diandharake ing ngisor iki:

Konsep Kabudayan

Kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku *buddhayah* minangka wujud jamak saka tembung ‘*buddhi*’ kang nduweni teges akal. Kabudayan bisa ditegesi bab-bab kang ana sesambungan karo budi utawa akal. Budaya diasilake saka akal manungsa. Manungsa ora mung minangka makhluk indhividu nanging uga minangka makhluk sosial ateges ora bisa urip dhewe lan butuh wong liya, mula ana sistem kemasyarakatan kang mbangun urip bareng kanthi klompok. Urup kanthi bebarengan sajrone klompok-klompok sosial bisa ngasilake kabudayan. Unsur Kabudayan iki minangka asil karya, asil cipta, lan asil rasa, kang sakabehe didhasari saka karsa. Asil karya minangka perangan kabudayan kang diarani kabudayan kang awujud samubarang utawa kabudayan *material*. Asil cipta, asil rasa lan karsa minangka kabudayan spiritual utawa kabudayan *immaterial*. Asil cipta nuwuhake ilmu kawruh, asil rasa nuwuhake kesenian, karsa bisa ngasilake kaidah-kaidah utawa norma-norma (Soekanto, 2002: 430).

Konsep Masyarakat Jawa

Sajrone basa Inggris tembung *society* kang asale saka tembung Latin *socius* nduweni teges “kanca”. Tembung masyarakat asale saka tembung Arab ‘*syaraka*’ kang nduweni teges ndherek utawa partisipasi. Masyarakat yaiku klumpukan manungsa kang kekancan utawa kang padha sesambungan. Anane kesatuwan manungsa kang nduweni piranti kanggo warga-wargane supaya bisa sesambungan. Masyarakat yaiku pola tingkah laku utawa tumindak kang khas ngenani sakabehe faktor panguripan, kang asipat keterusan, kanthi pola khas kang dadi adat-istiadat khas. Titikan masyarakat yaiku anane sesambungan antar warga-warga, adat-istiadat, norma-norma, ukum lan aturan-aturan khas kang ngatur sakabehe pola tingkah lakune warga, anane katerusan lan anane rasa idhentitas kang ngiket wargane. Masyarakat yaiku kesatuwan urip manungsa kang sesambungan miturut sawijine sistem adat-istiadat tartamtu kang katerusan lan kaiket dening rasa idhentitas (Koentjaraningrat, 1981: 145-146).

Konsep Tradhisi

Poerwadarminto (sajrone Suwarni lan Widayati: 2015: 61) ngandharake yen tradhisi minangka perangan saka kabudayan, tradhisi yaiku sakabehe adat, kapercayan lan sapanunggale kang diwarisake kanthi turun-tumurun. Masyarakat Jawa nglaksanakake tata upacara tradhisi minangka wujud rencana, lan tumindak, saka tata nilai kang wis kasusun. Upacara tradhisi sejatiné yaiku pangejawantah saka tata panguripan masyarakat Jawa kang wis dipitung kanthi tliti lan ngati-ati, supaya saben tuturan, tumindak, lan tingkah laku tansah slamet, bagya, lan sejahtera lair lan batin uga memayu hayuning bawana kanthi njaga kaslarasan donya.

Konsep Folklor

Tembung folklor sejatiné saka basa Inggris, yaiku *folklore*. Tembung kasebut dumadi saka rong tembung, yaiku *folk* lan *lore*. *Folk* yaiku saklompok wong kang nduweni titikan wujud, sosial lan kabudayan saengga bisa dibedakake marang klompok liyane. *Folk* nduweni sawijine tradhisi yaiku kabudayan kang wis diwarisake kanthi turun-tumurun. Dene *lore* yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi turun-tumurun kanthi lisan utawa lumantar sawijine tuladha kang diwenehi gerak isyarat utawa piranti pangeling-eling. Dene folklor miturut Dundes (sajrone Danandjaja, 1997: 1) yaiku saklompok pawongan kang nduweni titikan fisik, sosial, lan kabudayan, saengga bisa dibedakake saka klompok-klompok liyane.

Konsep Mitos

Mite (*myth*) yaiku crita prosa rakyat kang dianggep bener-bener kedadeyan sarta dianggep suci dening empune crita. Paraga sajrone mite yaiku para dewa-dewi utawa makhluk setengah dewa (Danandjaja, 1997: 50). Mite lumrahe nyritakake dumadine alam semesta, donya, manungsa kapisan, dumadine maut, wujud khas kewan, wujud tipografi, *gejala* alam lan sapanunggale. Mite uga nyritakake petuwalangane para dewa, kisah katresnane dewa, kisah perange lan sapanunggale (Bascom, sajrone Danandjaja, 1997: 51).

Konsep Ujub

Miturut Afandi (2018) ngandharake yen ujub yaiku ngujubna apa anane asahan, iku ana kang dibagei, kaya dene tumpeng lan jenang kang diweruhi dening danyang lan kaki among utawa nyai among. Danyang yaiku kang mbahureksa, awujud makhluk gaib kang nguwasan papan panggonan. Ing sakabehe slametan kang dilaksanani mesthi nyebutake danyang kang dibagei. Danyang iku saben papan panggonan ana, nanging intine danyang iku mung siji, kang mbahureksa. Dene kaki among lan nyai among yaiku pada dene karo dulur papat lima pancer. Ujub minangka gambaran wujude asahan.

Konsep Makna

Teori kang ngandharake bab maknane simbol yaiku semiotika. Miturut pamawas saka Pradopo (sajrone Sumitri, 2016:17) ngandharake yen semiotika yaiku ilmu tandha-tandha adhedhasar saka fenomena sosial lan fenomena budaya minangka rerangkene tandha. Tandha yaiku sawijine bab kang mujudake pawongan utawa

samubarang liya utawa pandhangan tartamtu. Saka pangerten iki nuduhake yen semiotik nyinaoni ngenani sistem-sistem, aturan-aturan, konvensi-konvensi utawa tandha-tandha kang nduweni arti.

Konsep Fungsi

Miturut Bascom sawijine tradhisi lisan utawa folklor disenengi dening masyarakat jalaran dianggep migunani kanggo panyengkuyunge, ketahanan lan kalangsungan panguripan minangka manungsa lan anggota masyarakat. Fungsi folklor kang sesambungan karo konteks sosial budaya masyarakat yaiku (1) minangka sistem proyeksi ateges minangka piranti pangilon angen-angen *kolektif*, (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) minangka piranti panggulawenthah anak, lan (4) minangka piranti pengawas supaya norma-norma masyarakat tansah diugemi dening masyarakat.

Konsep Hermeneutika

Miturut Pamawas saka Grondin (2008: 10), ngandharake yen hermeneutika yaiku sawijine disiplin pamikiran kang ngarah marang panguripan kang ora diungkapake, bab-bab kang ora diungkapake lumrahe asipat remeh. Hermeneutika uga ditegesi disiplin kang gegayutan marang maksud-maksud kang gampang diweruhi lumantar tetembungan kanthi cara *eksplisit*. Dene Hermeneutika miturut Teeuw (2013: 96-97) yaiku salah sawijine ilmu utawa cara kanggo nafsrake karya sastra utawa ngungkapake basa sajrone menehi teges kang luwih amba miturut maksude. Anggone nafsrake lumantar cara nafsrake sakabehe teks ora bisa diwiwit tanpa mangertené perangane, nanging anggone nafsrake saben perangan kudu bisa ngangen-angen lan mangertené isi sakabehe teks karya kasebut. Wiwit saka nafsrake kanthi sakabehe teks iku asipat setetara, mula diupayakake nafsrake kanthi becik, dene nafsrake saben perangan bisa kanggo nggampangake anggone mangertené sakabehane karya, banjur penafsriran kasebut kang bakal mbiyantu mangerti sakabehe kanthi luwih cetha lan sampurna perangan-perangane lan sapiturute. Nganti ing pungkasan bisa nggayuh penafsriran kang ngolehake kesatuwan makna total lan makna bageyan kang *optimal*.

Lelandhesan Analisis

Sajrone perangan ing ngisor iki ngandharake lelandhesan analisis saka sawenehe para ahli kang digunakake kanggo nintingi obyek panliten. Lelandhesan kuwi digunakake supaya andharan babagan panliten, tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis ditemukake. Konsep kang slaras karo bahan kajian yaiku kanggo mangertené makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto. Konsep-konsep kang digunakake yaiku konsep pewara pamawas saka Arief (2009) kanggo ngonceki tegese ujub sajrone tradhisi. Kanggo ngonceki wujud ujub sajrone tradhisi nggunakake konsep folklor miturut pamawase Danandjaja (2002) mligine folklor lisan.

Panliten iki nggunakake konsep makna lan fungsi kanggo medhar makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto. Mula konsep makna kang digunakake yaiku konsep Semiotik saka

pamawase Pradopo kanggo ngonceke makna ujub sajrone tradhisi. Konsep ngenani fungsi nggunakake pamawas saka R. Bascom kang cacahe ana papat yaiku (1) minangka sistem proyeksi ateges minangka piranti pangilon angen-angen *kolektif*, (2) minangka piranti pangesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) minangka piranti panggulawenthah anak, lan (4) minangka piranti pengawas supaya norma-norma masyarakat tansah diugemi dening masyarakat.

METODHE PANLITEN

Bab iki ngandharake ngenani ancangan panliten, subyek panliten, papan panliten, sumber dhata, instrumen panliten, teknik nglumpukake dhata, keabsahan dhata, lan teknik analisis dhata. Andharan ing ngisor iki.

Ancangan Panliten

Panliten ngenani “Makna lan Fungsi Ujub sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto” nggunakake ancangan panliten *deskriptif kualitatif* jalaran sajrone panliten iki ngrembug babagan wujud, makna, lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Miturst Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2005: 4) ngandharake *metodologi penelitian kualitatif* minangka prosedhur panliten kang ngasilake dhata *deskriptif* arupa tetembungan katulis utawa lesan saka masyarakat lan tumindak kang diamati. Panliten *kualitatif* minangka panliten kang nggunakake wawancara kanggo medhar lan mangerteni sikap, pamawas, rasa lan tumindak indhividu utawa klompok. Miturst Moleong (2005:6) ngandharake, panliten *kualitatif* yaiku panliten kang nduweni ancas kanggo mangerteni kanyatan apa wae kang dilakoni dening subyek panliten, kayata tingkah laku, pamawas, motivasi, tumindak, lan sapanunggale. Kanthi cara *holistik* lan kanthi cara dhesripsi sajrone wujud tetembungan ing sajrone *konteks* khusus kang alamiyah lan kanthi nggunakake metodhe ilmiyah.

Subyek Panliten

Subyek panliten yaiku variabel kang diamati. Sajrone panliten *kualitatif* responden utawa subyek panliten uga diarani informan yaiku wong kang menehi informasi ngenani dhata kang dikarepake panliten sesambungan karo panliten kang dilaksanani (Arikunto, 2013: 172). Subyek panliten sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku tukang ujub kang ana ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto, ora kabeh tukang ujub bisa dadi narasumber utawa informan. Mula anggone milih subyek panliten nggunakake teknik sampel bertujuan (*purposive sampling*) kanthi syarat-syarat utawa kriteria kaya mangkene: (1) Kamituwa utawa tokoh masyarakat, (2) Nduweni kawruh lan ilmu bab ujub, (3) Dadi tukang ujub, (4) Masyarakat Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto. Adhedahasar saka *snowball sampling* anggone namtukake narasumber yaiku kawiwanan saka narasumber kapisan yaiku Bapak Supriadi minangka tukang ujub ing desa Pakis, nuduhake yen ana tukang ujub liya kang luwih mumpuni yaiku Bapak Sukardi kang uga manggon ing Desa Pakis. Saka Bapak Sukardi nuduhake marang wong kang luwih mumpuni

maneh yaiku Bapak Kasbi lan sateruse.

Papan Panliten

Papan panliten minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Papan panliten yaiku sawijine wilayah utawa papan panggonan panliten dilaksanakake. Panliten iki dilaksanani ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto, jalaran panliti milih papan panliten iki amarga mayoritas masyarakat suku Jawa, masyarakat isih percaya lan isih nglaksanani tradhisi-tradhisi kang ana, dhaerah Trowulan uga isih klebu ndesa dadi masyarakat isih ngugemi kapercayan bab kasebut. Saben tradhisi slametan kang dilaksanani ing dhaerah Trowulan isih nggunakake ujub. Ing dhaerah Trowulan ujub isih ngrembaka lan ditindakake kanthi tumemen dening masyarakat. Mula panliten iki bakal medhar makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi supaya mangerteni wujud, makna, lan fungsi ujub ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku dhata asil wawancara langsung marang narasumber utawa informan kang wis ditamtukake yaiku tukang ujub lan dhata kang kasusun awujud dhokumen-dhokumen kaya dene dhata monografi dhaerah Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto minangka papan panliten ditindakake lan foto nalika proses ngujubake minangka gambaran ujub katindakake.

1. Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten yaiku subyek saka dhata kang diolehake (Arikunto, 2013: 172). Sumber dhata yaiku sakabebe aspek kang menehi informasi ngenani dhata. Sumber dhata utama sajrone panliten kualitatif yaiku tetembungan, tumindak, lan dhata tambahan kaya dene dhokumen lan sapanunggale (Lofland lan Lofland sajrone Moleong, 2005: 157). Sumber dhata sajrone panliten kualitatif ana rong jinis yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekundher.

1) Sumber Dhata Primer

Sumber dhata primer yaiku dhata langsung kang diklumpukake dening panliti saka sumber kapisan. Sumber dhata primer sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku dhata asil wawancara langsung marang narasumber utawa informan kang wis ditamtukake yaiku tukang ujub kang wis dipilih lumantar teknik *purposive sampling*. Jalaran dhatane awujud tuturan mula dhata primer awujud tuturan langsung saka tukang ujub kang diolehake lumantar wawancara kang direkam banjur ditranskrip dening panliti. Sumber dhata primer kang ana sajrone panliten iki yaiku tuturan ujub saka para informan yaiku Bapak Afandi, Suyono, Kasbi, Kastimen, Sukardi, Jupri, Buardi, Tariyah, Supriadi, Supandri, Sugimen, Karsono, Marniasih, Sumardi lan Tarmuji. Syarat minangka informan yaiku (1) Kamituwa utawa tokoh masyarakat, (2) Nduweni kawruh lan ilmu bab ujub, (3) Dadi tukang ujub, (4) Masyarakat Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto.

2) Sumber Dhata Sekunder

Sumber dhata sekunder yaiku dhata kang diklumpukake dening panliti ora kanthi langsung saka sumbere, kaya dene sumber buku utawa dhokumen-dhokumen saka pihak kang gegayutan karo panliten. Sumber dhata sekunder sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku arupa dhata kang kasusun awujud dhokumen-dhokumen kaya dene dhata monografi dhaerah Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto minangka papan panliten ditindakake lan poto nalika proses ngujubake minangka gambaran ujub katindakake.

2. Dhata Panliten

Dhata sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku wujude tuturan ujub kang diucapake dening informan. Jinise dhata diperang dadi loro yaiku: dhata lisan lan non lisan.

1) Dhata Lisan

Dhata lisan bisa arupa tetembungan yaiku pawongan kang diamati utawa diwawancarai minangka sumber dhata utama. Tuturan kang diucapake narasumber utawa informan. Panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto kang dadi dhata lisan yaiku tuturan utawa tetembungan asil wawancara lan ujub kang diandharake dening tukang ujub kang wis dipilih minangka narasumber.

2) Dhata Nonlisan

Dhata nonlisan bisa arupa dhata katulis kang awujud gambar utawa foto, grafik lan tabel. Gambar utawa foto minangka dhata kang mbiyantu panliti kanggo ngolehake gambaran ngenani obyek. Miturut Moleong (2005: 160) foto bisa ngasilake dhata dheskriptif, dianjurake yen foto kasebut dianalisis beberapaan karo sumber-sumber liyane. Foto digunakake minangka dhata pelengkap. Foto minangka dhata panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku foto asahan, lan foto nalika proses ngujubake, minangka gambaran saka obyek kang ditliti lan sarana pambiyantu panliti nalika nganalisis dhata. Dene tabel kang dadi dhata sajrone panliten yaiku tabel dhata monografi wilayah Kecamatan Trowulan kaya dene cacahé pendhuhuk, tingkat pendhidhikan, jinise pangupajiwa lan agama

Instrumen Panliten

Instrumen panliten sajrone panliten kanthi irahan-irahan makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku:

- 1) Panliti minangka instrumen panliten, sajrone panliten kualitatif kang dadi instrumen yaiku panliti iku dhewe,
- 2) Pedhoman observasi, lan
- 3) Daftar pitakonan wawancara.

Piranti panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo nyengkuyung lumakune panliten. Piranti panliten dibutuhake nalika panliti ngglumpukake dhata panliten lumantar cara observasi, wawancara, rekam, cathetan, transkrip lan dhokumentasi. Piranti kang dibutuhake yaiku pulpen, buku cathetan, hape kanggo ngrekam lan moto.

Buku cathetan lan pulpen yaiku piranti kanggo nyathet lan nulis nalika panliti nindakake observasi lan wawancara ing papan panliten. Piranti rekam saka hape kanggo ngrekam nalika panliti nindakake wawancara lan ngrekam tuturan ujub. Piranti moto (*camera*) saka hape digunakake kanggo moto kahanan dhata panyengkuyung panliten, kaya dene moto asahan, moto narasumber lan sapanunggale.

Teknik Nglumpukake Dhata

Teknik nglumpukake dhata yaiku cara-cara kang ditindakake dening panliti kanggo nglumpukake dhata (Sugiyono, 2012: 137). Teknik nglumpukake dhata kang ditindakake sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku kanthi nggunakake teknik observasi, wawancara, rekaman, cathetan, lan dhokumentasi.

1) Observasi

Observasi yaiku sawijine kagiyatan ndeleng, ngamati lan nyathet tumindak kang kedadeyan kanthi apa anane (Guba lan Lincoln sajrone Moleong, 2005: 174). Lumantar observasi panliti bisa nyathet apa kang dibutuhake, bisa arupa tata laku utawa gambaran umum obyek kang ditliti. Cathetan asil observasi dicathet kanthi rinci utawa diarani cathetan *kronologis* kang dicathet adhedhasar urutan wektu kedadeyan. Teknik observasi iki adhedhasar saka pengalaman langsung panliti. Migunakake teknik observasi iki bisa ndeleng lan ngamati dhewe, banjur nyathet tumindak lan kedadeyan kaya kang dumadi ing kahanan sabenere (Moleong, 2005:174). Arikunto (2013: 200) ngandharake yen observasi bisa diperang dadi loro yaiku observasi sistematis lan observasi ora sistematis. Observasi sistematis yaiku observasi kang ditindakake dening pengamat kanthi nggunakake pedhoman minangka instrumen pengamatan. Dene observasi ora sistematis yaiku observasi kang ditindakake dening pengamat kanthi ora nggunakake pedhoman minangka instrumen.

2) Wawancara

Wawancara yaiku pacaturan kang nduweni ancas tartamtu. Wawancara ditindakake wong loro utawa luwih, kang kapisan pewawancara utawa panliti lan kaping pindho yaiku narasumber (Moleong, 2005: 186). Wawancara yaiku minangka teknik nglumpukake dhata nalika panliten arep nindakake studi pendahuluan kanggo mecahake masalah kang ditliti lan nalika panliti arep meruhi bab-bab ngenani responden utawa narasumber luwih jero (Sugiyono, 2012: 137). Wawancara diperang dadi loro yaiku wawacara kastruktur lan ora kastruktur. Wawancara kastruktur yaiku panliti wis nyepakake susunan daftar pitakonan kanthi rinci sadurunge wawancara dilaksanani. Wawancara ora kastruktur yaiku pitakonan kang diajukake marang narasumber ora disusun sadurunge, pitakonan kang diajukake kanthi langsung gumantung kahanan.

3) Rekaman

Miturut Hutomo (sajrone Sudikan, 2001: 174) tata cara ngrekam diperang dadi loro yaiku kang sepisan ngrekam ing konteks asli (*natural*) utawa pendhekatan etnografi yaiku ngrekam kang apa anane lan tanpa digawé-gawé dening panliti. Kaping pindho ngrekam kang dilaksanakake kanthi sengaja dianakake. Dene tata cara

ngrekam kang digunakake sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku nggunakake tata cara ngrekam kang kaping pindho lan anggone ngrekam nggunakake piranti rekam saka *hape*.

4) Cathetan

Tata cara nyathet ditindakake panliti kanthi cara nulis bab kang dianggep wigati lan minangka piranti pangeling-eling. Cathetan minangka piranti kang wigati lan kanggo mbiyantu panliti sajrone nyusun dhata kanthi bener lan pener. Bab iki ditindakake kanggo nyathet dhata kang durung kerekam, kaya dene babagan kabudayan kang ana ing papan kasebut.

5) Dhokumentasi

Dhokumentasi yaiku saben bahan katulis utawa film kang ana gegayutane karo obyek panliten (Moleong, 2005: 216). Dhokumentasi minangka salah siji teknik nglumpukake dhata kang arupa dhata sekundher, dhata panyengkuyung dhata primer. Dhokumentasi sajrone panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto yaiku dhata monografi dhaerah Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto minangka papan panliten ditindakake lan foto nalika proses ngujubake minangka gambaran ujub katindakake. Langkah-langkah kang ditindakake dening panliti yaiku nyepakake piranti moto, ing panliten iki panliti nggunakake *hape* kanggo moto proses nalika ngujubake banjur asile kanggo mbantu analisis dhata kang diolehake saka informan.

6) Transkripsi

Alih wacana (transkripsi) saka lisan neng tulisan iku ora gampang. Miturut Recoeur (Sajrone Sudikan, 2001: 254) nulis lan nutur utawa tulisan lan tuturan minangka kemampuan manungsa kang beda. Transkripsi bisa diperang dadi loro yaiku kang kapisan transkripsi kanthi cara kasar ateges apa kang wis dirungokake utawa cathetan saka lapangan diwedharake kanthi apa anane. Panliti tanpa menehi tandha waca lan namtukake aksarane gedhe utawa cilik, kang wigati panliti bisa jujur lan bisa dipercaya, ora ana *manipulasi* dhata. Kang kaping pindho transkripsi sampurna ateges dicocokake karo asil rekaman, yen ana kang ora cetha, dibolan-baleni nganti cetha unine lan ngandhut sawijine makna.

Keabsahan Dhata

Kanggo meruhi lan mriksa keabsahan dhata saka asil panliten, mula kudu ditindakake telung ambalan supaya dhata kasebut bisa diarani sah. Telung ambalan kasebut yaiku (1) nindakake *triangulasi*, (2) nindakake *peer debriefing*, lan (c) nindakake *member check and audit trial*.

Kanggo mriksa keabsahan dhata kang dtindakake sajrone panliten Makna lan Fungsi Ujub sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku kang kaping pisan panliti nindakake *triangulasi* kanthi cara (a) *triangulasi* sumber dhata yaiku nggoleki dhata saka sumber kang wis ditamtukake yaiku para tukang ujub, (b) *triangulasi* nglumpukake dhata yaiku nglumpukake dhata saka sumber dhata yaiku para tukang ujub

lan foto, (c) *triangulasi* metodhe nglumpukake dhata yaiku panliti nindakake observasi ing Kecamatan Trowulan, wawancara marang narasumber, rekaman wawancara, cathetan, dhokumentasi lan transkripsi, (d) banjur *triangulasi* analisis yaiku nggoleki teori kang trep kanggo ngonceki rumusan panliten.

Kaping pindho nindakake *peer debriefing* yaiku mriksa lan nguji asil analisis dhata kanthi rembugan marang pembimbing nganti asile bener. Kaping telu nindakake audit *trial* kanthi ancas nguji keakuratan dhata kanthi mriksa maneh dhata mentah arupa rekaman lan cathetan.

Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata minangka perangan kang ora bisa uwal saka cara nglumpukake dhata, mligine sajrone panliten folklor. Dhata lan informasi kang diasilake banjur ditafsirake maknane slaras kanthi konsep kang digunakake. Teknik nganalisis dhata kang ditindakake sajrone panliten iki yaiku *deskriptif kualitatif*. Teknik *deskriptif kualitatif* yaiku teknik ngonceki dhata kanthi nggunakake tetembungan dudu angka, bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar asil panliten saka subyek kang dititi (Sudikan, 2001: 85).

Teknik analisis dhata sajrone panliten ngenani makna lan fungsi ujub kanthi teori kang wis ditemukake yaiku nggunakake teori makna lan fungsi. "Makna lan Fungsi Ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto" yaiku kaya ing ngisor iki:

- 1) *Transkripsi* yaiku nggowahi dhata saka rekaman asil wawancara karo narasumber lan tuturan ujub dadi tulisan.
- 2) Banjur klasifikasi dhata yaiku dhata kang wis diolehi dening panliti banjur diklasifikasikake utawa digolong-golongake adhadhasar wujud dhatane. Kaya dene asil wawancara lan observasi
- 3) Panjletrehan dhata yaiku njlentrehake dhata Banjur nafsirake nggunakake teori hermeneutika. Sajrone analisis dhata panliti njlentrehake utawa nafsirake cuplikan-cuplikan dhata kang nuduhake makna lan fungsi ujub.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Bab iki ngandharake asiling panlitis yaiku andharan ngenani tegese ujub, wujud ujub, makna ujub lan fungsi ujub. Sajrone panliten iki uga medhar bab monografi kang nyengkuyung asiling panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto. Kanthi jangkep diandharake ing ngisor iki:

Monografi Kecamatan Trowulan

Kecamatan Trowulan minangka salah sawijine kecamatan ing Kabupaten Mojokerto. Kecamatan Trowulan ana ing 20 - 40 meter saka permukaan segara lan ambane 39.20 km². Kecamatan Trowulan nduweni 16 desa yaiku Pakis, Sentonorejo, Temon, Beloh, Domas, Jambuwok, Watesumpak, Jatipasar, Trowulan, Bejjong, Kejagan, Wonorejo, Panggih, Tawangsari, Balongwono, lan Bicak. Kanthi administratif Kecamatan Trowulan nduweni 60 Dhusun, 113 Rukun Warga (RW), lan 409 Rukun Tetangga (RT). Akses dalan tumuju Kecamatan Trowulan iki strategis amarga dalane iki wis aspalan uga minangka jalur utama dalan jurusan Surabaya-Jombang. Sakiwa tengene

uga bisa tinemu sawah kang isih ijo, saengga hawane isih seger. Kahanan dalane rame banget amarga kalebu dhaerah wisata sejarah yaiku candi-candi tinggalane Kerajaan Majapahit lan ana Makam Trooyo kang akeh banget ditekani wisatawan.

Teges Ujub Sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Swandayani (2013: 2) ngandharake yen ujub iku awujud basa kang diucapake dening para tukang ngajatake slametan sawise saperangan asahan utawa sajen kang wis cumawis miturut niyat kajate slametan. Miturut Utomo (sajrone Yanto, dkk, 2015: 2) ujub yaiku tujuwan utawa niyat nindakake slametan. Qori'ah, dkk (2018: 9) ngandharake yen pangucapane ujub ora mbuthuhake syarat-syarat tartamtu, nanging lumrahe tukang ujub bakal nyebutake apa wae wujud sedekah (asahan) kang disiyapake dening wong kang nduwe kajat. Kaya dene berkat golong, ingkung, apem, sega gurih. Ujub ora bisa diucapake sembarangan jalaran gegayutan marang kapercayane masyarakat.

“Ujub kuwi sarana kanggo ngujubake gegayuhan utawa cita-cita, ujub kuwi nduweni maksud ngutarake apa sing dadi kekarepane sing wong kang nduweni kajat dadi ujub kuwi ngujubake niyate manungsa sing tujuwane nyuwun raharjane Gusti Kang Murbeng Dumadi (Allah SWT)...” (Bapak Suyono, Sabtu 09 Februari 2019).

Cuplikan ing dhuwur yaiku pamawas saka salah sawijine narasumber yaiku Bapak Suyono kang ngandharake yen ujub iku wujud saka gegayuhan utawa kekarepane pawongan kang nduwe kajat. Lumantar ujub bisa ngungkapake apa kang dikarepane, apa kang dadi panjalukane marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Wujud Ujub Sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

1. Wujud Ujub Tradhisi Weton ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Weton yaiku slametan utawa bancakan mengeti dina kelairan kanthi nyuwun marang nyai among lan kaki among supaya tansah dijaga lan diadohake saka sakabehe bebaya ‘tulak sawan bali dalam’ uga minangka sarana pangeling-eling. Wujud ujub weton:

“Nggih sampeyan sekseni sedaya, kula namung saderma ngekralaken sing nggadhah kajat adhi kula Pandri kajate sing nduwe asahan jenang abang, jenang menir, jenang sengkala, tumpeng mbancaki weton adhi kula Pandri dinten Kemis Wage pun wonten alangan setungal menapa sangandhap sainggaile, awal ndugi akhir,” (Bapak Buardi, Kamis 21 Februari 2019).

Ujub ing ndhuwur yaiku wujud ujub weton kang diucapake dening Bapak Buardi minangka tukang ujub. Wetton minangka bancakan utawa slametan kang ditindakake kanggo mengeti dina kelairan.

2. Wujud Ujub Tradhisi Neloni ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Neloni yaiku slametan utawa bancakan kang ditindakake nalika mbobot telung sasi. Ing sasi katelu iki bisa diarani tri loka maya utawa alam gondar-gandir. Wujud ujub neloni:

“Sampun sedaya mawon mangga dipirsani lan diamini dhumateng kang nggadhah kajat Pak Hadi rembak rukun sakulawarga kajate Pak Hadi wonten wujude jenang abang, jenang sengkala, kalih pasung, rujak legi, rasa sejati sing manggon wonten gugusan rayate Pak Hadi wonten diweruhi pandonga berkah, dinten pitu pekenan gangsal Jum'at Legi gawe lantaran ujube nyuwun pandungan slamet nggih pun wonten alangan napa-napa.” (Bapak Afandi, Minggu 16 Desember 2018).

Wujud ujub ing ndhuwur yaiku ujub neloni bayi kang lumrahe ditindakake nalika ana wong kang mbobot telung sasi.

3. Wujud Ujub Tradhisi Tingkeb ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Tingkep yaiku slametan utawa bancakan kang ditindakake nalika mbobot pitung sasi. Ing sasi kapitu iki bisa diarani sapta kawasa jati. Nalika mbobot pitung sasi perangan-perangan awak jabang bayi wis kasusun kanthi sampurna. Wujud ujub tingkeb:

“Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh. Para sedherek sedaya, kula suwun sareng-sareng badhe nyekseni, dherek kula sing sami katuran sedaya, kula sadermi ngekralaken tunggal niyat gembul kajat werni asahan menika sing kagungan kajat sedherek Mbok Kemi badhe ngleresi mitoni, nyuwun idin pandunga wilujeng slamet, slameta Mbok Kemi asalipun ngandhut pasiyaning Allah sampun dimitonni pun wonten sawiji alangan punapa-punapa, nggih ngajeng sawingkingipun andhap sainggaile mila sedaya disuwunaken sing dipunkandhut Mbok Kemi dadosa putra ingkang soleh kang solikhah, pun wonten sawiji alangan punapa-punapa, disuwunaken wonten Harsaning Gusti Kang Maha Kuwasa, pinaringan rahayu wilujeng slamet, slamet, slamet saking karsane Allah. Assalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh.” (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Cuplikan ing nduwur minangka wujud saka ujub slametan utawa bancakan tingkeban kang dilaksanakake dening masyarakat ing Kecamatan Trowulan kang diucapake dening Bapak Kasbi minangka tukang ujub lan kamituwa ing desa.

4. Wujud Ujub Tradhisi Brokohan ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Brokohan yaiku slametan utawa bancakan kang

ditindakake nalika ngelairake. Lair utawa mijil yaiku tahapan “lima ma” kang kaping pindho. Mijil yaiku wujud krama saka tembung metu utawa lair. Kelairane jabang bayi dianggep sawijine anugrah, barokah utawa karunia, minangka ungkapan rasa syukur, masyarakat nyambut kanthi rasa bungah, disambut kanthi ritual kang awujud tradhisi brokohan. Wujud ujub brokohan:

“Sampun sedaya mawon mangga dipirsani lan diamini kula derma ngekralaken kang nggadah kajat Pak Toni rembug rukun sakulawarga dinten iki sing estri nglairaken niki brokohane bayi mugi-mugi mawon laire jabang bayi dinten iki kalih ingkang tiyang sepahe diparingi slamet adoh blaine cedhak rejekine, nggih mboten wonten alangan punapapa-punapapa.....” (Bapak Afandi, Minggu 16 Desember 2018).

Ujub ing ndhuwur yaiku ujub slametan brokohan kang diucapake dening Bapak Afandi minangka tukang ujub lan sesepuh ing desa. Slametan utawa bancakan brokohan kang ditindakake dening kulawarga kang nduweni kajat nglairake bayi minangka wujud rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

5. Wujud Ujub Tradhisi Pendhak Pasar Bayi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Pendhak pasar utawa sepasaran yaiku slametan kango bayi kang umur limang dina, nalika nindakake slametan separasan lumrahe karo menehi jeneng bayine lan diumumake marang kulawarga lan tangga teparo (Suwarni lan Widayati, 2015: 71). Wujud ujub pendhak pasar bayi:

“Nggih sampun sampeyan seksei sedaya mawon niki sing nduwe kajat Pak Sidik, niki kajate bubur abang, bubur menir, bubur sengala, tumpeng, jajan pasar niku kajate pendhak pekene yugane sing diparingi asma Aprilia. Kula weruhi mugi wilujeng slamet, slameta satindak lakune Hafid, rina klawan dalu pun wonten alangan napa-napa Sineksenan dinten lan pekenan, dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet.” (Bapak Sumardi, Sabtu 23 Maret 2019).

Tuturan ing ndhuwur yaiku wujud ujub pendhak pasar utawa sepasaran kang diucapake dening Bapak Sumardi minangka tukang ujub ing desa. Pendhak pasar utawa sepasaran minangka salah sawijine ritual kang ditindakake kango mancaki bayi kang umure limang dina, lumrahe karo menehi jeneng kango bayi kasebut nanging ing masyarakat Kecamatan Trowulan bayi kang nembe lair langsung diwenehi jeneng utawa nalika brokohan.

6. Wujud Ujub Tradhisi Selapan Bayi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Selapan bayi yaiku slametan kango bayi kang umur telung puluh enam dina utawa ing pitungan Jawa telung puluh lima dina (7×5) 7 yaiku Saptawara, dina

kang cacahe pitu, lima yaiku pancawara, dina kang cacahe lima. Nalika slametan selapan bayi dicukur rambute. Wujud ujub selapan bayi:

“Inggih mangga diamini sampun pepek dherek kula sedaya, kula niki namung ngekralaken niki sing nggadah kajat nggih kulawarga dhusun mriki, niki kajate ruwah ngaturi selapan dinten, Nggih namung semanten ingkang kula aturaken wontene sesajen wonten ngajeng mriki mugi-mugi leluhur kula, leluhur panjenengan sedaya njibahi napa ingkang kula aturaken menika.” (Bapak Supriadi, Jum’at 22 Februari 2019).

Adhedasar cuplikan ujub ing ndhuwur yaiku ujub slametan selapan bayi kang diucapake dening Bapak Supriadi minangka tukang ujub ing desa, slametan selapan bayi ditindakake nalika bayi wis umur telung puluh lima utawa telung puluh enem dina.

7. Wujud Ujub Tradhisi Bayi Telu utawa Telonan ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Bayi telu utawa telonan yaiku slametan kang ditindakake kango slametan utawa mbancaki bayi kang umure telung sasi utawa telung selapan, slametan bayi telu iki ditindakake nalika weton kelairane si bayi, asahan kang dicepakake padha karo slametan selapanan. Wujud ujub bayi telu:

“Nggih sampun sampeyan seksei sedaya mawon niki sing nduwe kajat Pak Yajid, niki kajate bubur abang, bubur menir, bubur sengala, tumpeng, jajan pasar niku kajate bayi telune yugane sing diparingi asma Hafid. Kula weruhi mugi wilujeng slamet, slameta satindak lakune Hafid, rina klawan dalu pun wonten alangan napa-napa Sineksenan dinten lan pekenan, dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet.” (Bapak Sukardi, Selasa 19 Februari 2019).

Ujub ing ndhuwur yaiku wujud saka ujub bayi telu kang diucapake dening Bapak Sukardi minangka tukang ujub ing desa, nalika nindakake slametan utawa mbancaki bayi kang umure telung sasi.

8. Wujud Ujub Tradhisi Bayi Pitu utawa Tedhak Siten ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Bayi pitu utawa tedhak siten yaiku slametan utawa bancakan kang ditindakake nalika bayine umur pitung sasi. Tedhak siten asale saka tembung tedhak utawa medhak kang nduweni teges mudun. Siten asale saka tembung siti kang nduweni teges lemah, tedhak siten iki ditindakake nalika bayi kang umure pitung sasi utawa enim selapan. Wujud ujub bayi pitu:

“Assalamu’alaikum Warahmatullahiwabarakatuh. Para sedherek sedaya, kula suwun sareng-sareng badhe nyekseni, dherek kula sing sami katuran sedaya, mangga direncangi nyurung pandunga,

kula mung sadermi ngekralaken tunggal niyat gembul kajat werni asahan menika sing kagungan kajat sedherek Mbok Gemi, badhe mitoni yugane sedherek Mohammad Soleh, mugi-mugi diparingi berkat kuwat slamet, satindak lakune sasaba parane, pun wonten sawiji alangan punapapunapa nggih ngajeng sawingkingipun andhap sainggaile, mila sedaya disuwunaken wonten Harsaning Gusti Kang Maha Kuwasa pinaringan rahayu wilujeng slamet.

..... Mila sineksenan dinten sanaptune dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet.

Assalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh." (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Ujub tedhak siten kang diucapake dening Bapak Kasbi minangka tukang ujub lan kamituwa desa. Tradhisi tedhak siten ing satengahe masyarakat Kecamatan Trowulan wis ora ditindakake kanthi jangkep. Masyarakat wiwit ninggalake tradhisi kasebut, nanging isih ditindakake nanging luwih ringkes lan gampang, kaya dene tradhisi tedhak siten kang diarani bayi pitu utawa pitoni dening masyarakat ing kene.

9. Wujud Ujub Tradhisi Ruwah Ngaturi Manten ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Ruwah ngaturi yaiku salah sawijine rerangken ritual kang ditindakake nalika tradhisi mantenan utawa mantu. Dadi manten minangka proses urip kang ana ing siklus panguripane manungsa. Minangka makhluk kang nduweni agama lan budaya, masyarakat Jawa nindakake tradhisi mantenan ing sangarepe sanak dulure. Wujud ujub ruwah ngaturi:

"Assalamu'alaikum
Warahmatullahiwabarakatuh.
Para sedherek sedaya, kula suwun sareng-sareng badhe nyekseni, dherek kula sing sami katuran sedaya, mangga direncangi nyurung pandunga, niki sing kagungan kajat sedherek Pak Mulyadi, mugi-mugi sedaya werni asahan menika asale nggadhah kajatan angsal ridhane Allah SWT amin, amin ya rabbal alamin, nyuwun pandunga wilujeng slamet, nggih slameta Pak Mulyadi asale nggadhah kajat dipunarwah ngaturi pun wonten sawiji alangan punapa-punapa nggih ngajeng sawingkingipun andhap sainggaile.....
Mila sineksenan dinten sanaptune dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet.

Assalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh." (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Tradhisi ruwah ngaturi kang diujubake dening Bapak Kasbi kang minangka tukang ujub lan kamituwa desa. Adicara ruwah ngaturi iki ditindakake nalika wayah wengi, maneka asahan dicepakake banjur diujubake, didunungake saben perangane lan kaaturake marang para leluhur, sedhereke kang lair bareng sedina lan para danyang kang tansah njaga kemantene.

10. Wujud Ujub Tradhisi Pendhak Pasar Manten ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Pendhak pasar utawa sepasaran yaiku slameten kanggo manten kang wis limang dina nikah, nalika nindakake slameten separasan manten asahan kang dicepakake yaiku jenang abang, jenang menir, jenang sengkala, tumpeng lan jajan pasar. Wujud ujub pendhak pasar mantan:

"Sampun nggih sampeyan seksei sedaya mawon, kula sadrema ngekralna, niki kajate bubur abang, bubur menir, bubur sengakala, lan jajan pasar, tumpeng niku kajate pendhak pekene kemanten. Dipendhak pekeni nggih disuwun mugi-mugi slamet, slameta kemanten sekalian ngajeng sawingkinge pun wonten alangan napa-napa.

..... nggih mugi-mugi gedhe rejekine sandhang pangan sakulawarga, mugi angsal idin pandunganipun dherek kula kang sami katuran sedaya, sineksenan dinten lan pekenan, dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet." (Bapak Sumardi, Sabtu 23 Maret 2019).

Pendhak pasar utawa sepasaran mantan kang ditindakake dening kulawarga kang nembe mantu, yaiku limang dina utawa sepasarane. Tradhisi pendhak pasar mantan kang ditindakae dening masyarakat ing Kecamatan Trowulan iki isih ditindakake nanging kanggo saperangan masyarakat wis ora ditindakake.

11. Wujud Ujub Tradhisi Selapan Manten ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Selapan mantan yaiku slameten kanggo mantan kang wis telung puluh enem dina nikah, nalika nindakake slameten selapan mantan asahan kang dicepakake yaiku jenang abang, jenang menir, jenang sengkala, tumpeng lan jajan pasar. Wujud ujub selapan mantan yaiku :

"Sampun nggih sampeyan seksei sedaya mawon, kula sadrema ngekralna, niki kajate bubur abang, bubur menir, bubur sengala, lan jajan pasar, tumpeng niku kajate selapane kemanten. Dipunselapi nggih disuwun mugi-mugi slamet, slameta kemanten sekalian ngajeng sawingkinge pun wonten alangan napa-napa.

..... nggih mugi-mugi gedhe rejekine sandhang pangan sakulawargane, mugi angsal idin pandunganipun dherek kula kang sami katuran sedaya, sineksenan dinten lan pekenan, dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet." (Bapak Sumardi, Sabtu 23 Maret 2019).

Tradhisi selapan mantan kang ditindakake dening masyarakat ing Kecamatan Trowulan iki isih tindakake kanthi nyepakake asahan jenang abang, jenang menir, jenang sengkala, tumpeng lan jajan pasar banjur diujubake, didunungake saben perangane lan kaaturake marang para leluhur, sedhereke kang lair bareng sedina lan para danyang kang tansah njaga kemantene.

12. Wujud Ujub Tradhisi Tumpeng Kepungkur Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Tumpeng kepungkur yaiku slametan utawa bancakan kang ditindakake nalika ana wong kang ninggal donya. Kulawarga kang ditinggalake nindakake slametan utawa bancakan kanggo kulawarga kang ninggal donya ing dina kasebut. Wujud ujub tumpeng kepungkur:

“Assalamu’alaikum
Wabarakatuh.

Warrahmatullahi

Mpon nggih mpon panjenengan sekseni sedaya, kula saderma ngekralaken niki sing nggadhahi kajat dherek-dherek, kajate niki asale kesusahan, kajate tumpeng kepungkur nyuwun saking Gusti Allah SWT mugi-mugi sing ditinggalaken nggih sing wangslul, sing ditinggalaken diparingi seger waras nggih sing wangslul saged dipuntrami dhumateng Gusti Allah SWT.
..... Sineksenan dinten pitu ujube pandunga wekasan slamet.” (Bapak Sukardi, Selasa 19 Februari 2019).

Nalika ana wong kang ninggal donya, kulawarga kang ditinggalake nindakake bancakan kanthi nggawe asahan tumpeng kepungkur.

13. Wujud Ujub Tradhisi Ngawiti Tandur ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Ngawiti tandur yaiku bancakan kang ditindakake nalika arep nandur mligine nandur pari. Bancakan ditindakake ing sawah kang arep ditanduri. Wujud ujub ngawiti tandur yaiku :

“Assalamu’alaikum Warrahmatullahiwabarakatuh.
Sesepuh pinisepuh sing mbahureksa wonten tanah tegil mriki, kula badhe nanem Mbok Sri nggih sarining Sri, sing kula tanem wonten bumi kang suci ngantos dewasa pun wonten alangan punapa-punapa nggih ngajeng sawingkingipun, nyuwun idin pandunga wilujeng slamet
.....k utu-kutu walang antaka sumiggira-sumiggira aja ganggu gawe karo tanduraku, sapa sing wani ganggu gawe sepisan kena... Gusti Allah kepindhone yaumalah yaumalah yaumalah kula suwunaken wonten arsane Gusti Kang Maha Kuwasa pinaringan rahayu slamet, slamet, slamet, slamet saking karsanipun Allah. Assalamu’alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh.” (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Ngawiti tandur minangka salah sawijine tradhisi kang ditindakake nalika arep panen ing sawah. Bancakan methik iki katujukake kanggo Dewi Sri, yaiku dewi kemakmuran kang dipercaya kang njaga lumbung.

14. Wujud Ujub Tradhisi Methik ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Methik yaiku yaiku bancakan kang ditindakake nalika arep panen mligine panen pari. Tradhisi wiwit utawa methik minangka tradhisi kang isih dilestarikake lan

dilaksanani nganti saiki, tradhisi wiwit kanggo nyusul Dewi Sri supaya njaga lumbung pari. Wujud ujub methik:

“Kang mbahureksa Dhusun Trowulan, Kula nedih pangestu slamet asalipun methik wonten tanah sabin tanpa wonten alangan punapa-punapa nggih rahayua slamet Gusti Kang maringi pangayoman. Jenang sengkala ngaturi kala kang deleh donga kang sampun dumawa, ingkang sampun dumawa sirnaa kang dereng dumawa, tumpeng jagad wangslul dados pengayoman Gusti rahayu slamet, slameta ingkang sampun wangslul nggih wingkinge, kula diparingi slamet kula nedih diparingi slamet azab kula methik sampun wonten alangan satunggale napa-napa rahayu slamet, Gusti kang maringi pangayoman. Lan sawanci malih ngaturi Ratu Sumedang sak balane kang metu wuwunge Gunung Slundri sak balane. Sedaya nggih nyuwun pandunga slamet methik, mboten wonten alangan satunggale napa-napa rahayu slamet. Slameta ingkang methik nggih sak sing nyambut damel mboten wonten alangan satunggale napa-napa ingkang maringi pangayoman slamet.” (Bapak Karsono, Kamis 21 Maret 2019).

Methik minangka salah sawijine tradhisi kang ditindakake nalika arep panen ing sawah. Bancakan methik iki katujukake kanggo Dewi Sri, yaiku dewi kemakmuran kang dipercaya kang njaga lumbung pari.

15. Wujud Ujub Tradhisi Ndhudhuk Pondhasi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Ndhudhuk pondhasi utawa diarani ndhudhuk pedemi. Ndhudhuk pondhasi yaiku salah sawijine proses mbagun omah, nalika arep mbangun omah kang wiwitana yaiku ndhudhuk pondhasi utawa ndhudhuk pedemi. Wujud ujub ndhudhuk pedhemni yaiku:

“Assalamu’alaikum Warrahmatullahiwabarakatuh.
Para sedherek sedaya, kula suwun sareng-sareng badhe nyekseni, dherek kula sing sami katuran sedaya, mangga direncangi nyurung pandunga, niki sing kagungan kajat sedherek Pak Mulyadi, mugi-mugi sedaya werni asahan menika asale nggadhah kajatan angsal ridhane Allah SWT amin, amin ya rabbal alamin, nyuwun pandunga wilujeng slamet, nggih slameta Pak Mulyadi asale nggadhah kajat dipunarwah ngaturi pun wonten sawiji alangan punapa-punapa nggih ngajeng sawingkingipun andhap sainggaile.
Mila sineksenan dinten sanaptune dinten pitu pekenan gangsal, tulak blai wekasan slamet.

Assalamu’alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh.” (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Ndhudhuk pondhasi minangka tahap kang wiwitana nalika arep mbagun omah, mula perlu dibancaki. Ndhudhuk pondhasi yaiku dhasaran nalika arep mbagun apa wae, mula nalika arep miwiti nindakake bab kang becik mula kudu dibancaki.

16. Wujud Ujub Tradhisi Pasang Kap ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Pasang kap utawa kang diarani pasang kudakuda. Pasang kap yaiku salah sawijine proses mbagun omah, nalika rampung ndhudhuk pondhasi lan sapanunggale, proses sabanjure yaiku ngunggahna kap. Wujud ujub pasang kap yaiku:

“Assalamu’alaikum Warahmatullahiwabarakatuh. Para krabat sedaya ingkang kula hormati, kula lan panjenegan sedaya dipunaturi rawuh ing mrika majelis, niki dherek kula kagungan kajat ngunguhahaken kap grijane. Sineksenan dinten pitu pekenan gangsal tulak blai wekasan slamet.” (Bapak Sukardi, Selasa 19 Februari 2019).

Tradhisi adeg omah, jarang ditindakake dening masyarakat, jalaran tradhisi kasebut wis kena owah gingsire jaman. Mung saperangan masyarakat wae kang isih nindakake.

17. Wujud Ujub Mlebu Omah Sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Mlebu omah yaiku salah sawijine tradhisi kang ditindakake nalika arep mlebu omah kang nembe dibangun. Dibancaki minangka lambang ‘nuwun sewu’ marang kang mbahureksa papan panggonan kasebut. Wujud ujub mlebu omah yaiku:

“Assalamu’alaikum Warahmatullahiwabarakatuh. Para krabat sedaya ingkang kula hormati, kula lan panjenegan sedaya dipunaturi rawuh ing mrika majelis, niki dherek kula kagungan kajat nglebeti grijane. Sineksenan dinten pitu pekenan gangsal tulak blai wekasan slamet.” (Bapak Sukardi, Selasa 19 Februari 2019).

Ujub ing ndhuwur minangka wujud ujub mlebu omah kang diucapake dening Bapak Sukardi minangka tukang ujub ing desa. Tradhisi mlebu omah, isih ditindakake dening masyarakat jalaran manggoni papan panggonan utawa wanguan anyar, mula kudu ‘kula nuwun’ dhisik.

18. Wujud Ujub Tradhisi Ruwat Desa ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

Ruwat desa yaiku salah sawijine tradhisi kang ditindakake dening desa utawa kajate sadesa, mula ana kang ngarani resik desa. Slametan resik desa minangka slametan kolektif kang gegayutan marang papan panggonan ngenani wates wilayah, struktur sosial mligine desa. Wujud ujub ruwat desa yaiku:

“Assalamu’alaikum Warahmatullahiwabarakatuh. Para sedherek sedaya, kula suwun sareng-sareng badhe nyekseni, niki sing nduwe kajat sedherek sapadukuhan badhe ngleresi pedhukuhane dipunarwat, nggih meruhi sesepuh pinisepuh, nggih mbah buyut nggih meruhi bibit awal, mila sedaya diaosi dhahar nggih semanten ugi disuwun bantuwan pandunga wilujeng slamet, slameta wonten Dhusun Pakis Candi sampun dileresi nggih sampun diruwah ngaturi pun wonten sawiji alangan punapa-punapa nggih ngajeng sawingkingipun andhap sainggaile, wonten nggih para

sesepuh pinisepuh nggih para mbah buyut mbok wonten kekiranganipun kula nyuwun pangapura sakathah-katahipun, kula akhiri. Assalamu’alaikum Warrahmatullahi Wabarakatuh.” (Bapak Kasbi, Sabtu 09 Februari 2019).

Slametan ruwat desa minangka slametan kang ditindakake dening desa ateges slametan ruwat desa minangka kajate wong sadesa. Tradhisi iki ditindakake nalika sasi ruwah.

Makna Ujub Sajrone Tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto

1. Bubur Abang

Bubur abang yaiku bubur kang digawe saka beras kang dijenang diwenehi gula abang utawa gula Jawa lan uyah banjur ing ndhuwure diwenehi parutan klapa. Nalika jaman biyen bubur abang diwadhahi ing takir kang digawe saka godhong gedhang nanging ing wektu saiki bubur abang diwadhahi ing piring cilik utawa mangkok plastik, bubur abang uga diarani jenang abang minangka salah siji asahan nalika nindakake bancakan utawa slametan. Miturut pamawas saka Bapak Sukardi (19 Februari 2019) ngandharake yen bubur abang minangka lambang laire manungsa saka ibu kang ditenggeri saka getih kang wernane abang. Bubur abang uga minangka pangurmatan marang wong tuwa lan panjalukan supaya tansah diwenehi restu berkat slamet.

2. Bubur Menir

Bubur menir yaiku bubur kang digawe saka beras kang dijenang diwenehi uyah lan ing ndhuwure diwenehi gula abang utawa gula Jawa lan parutan klapa. Nalika jaman biyen bubur menir diwadhahi ing takir kang digawe saka godhong gedhang nanging ing wektu saiki bubur menir diwadhahi ing piring cilik utawa mangkok plastik, bubur menir uga diarani jenang menir minangka salah siji asahan nalika nindakake bancakan utawa slametan. Miturut pamawas saka Bapak Sukardi (19 Februari 2019) ngandharake yen bubur menir minangka lambang laire manungsa saka bapak kang ditenggeri kanthi werna putih. Bubur menir uga minangka pangurmatan marang wong tuwa lan panjalukan supaya tansah diwenehi restu berkat slamet.

3. Bubur Sengkala

Bubur sengkala minangka salah siji ubarampe kang ana sajrone slametan, mligine slametan kang gegayutan karo siklus panguripan manungsa. Kaya dene slametan wetongan, tingkeban, tedhak siten, selapanan bayi, mantenan lan sapanunggale. Bubur sengkala yaiku panganan tradhisional kang digawe saka beras lan gula kang awujud bubur. Wujude bubur sengkala yaiku bubur putih kang tengahé ana bubur abang banjur diwenehi juruh santen. Bubur sengkala digawe saka beras utawa ketan, uyah, banyu, santen, lan gula. Cara nggawene yaiku kawiwitán, beras utawa ketan dimasak karo banyu, diwenehi uyah lan gula banjur diudhak nganti wujude kaya bubur. Yen bubur putih ora diwenehi gula Jawa utawa gula abang. Yen bubur abang diwenehi gula Jawa utawa gula abang. Dene cara nggawé juruh santen yaiku santen diwenehi gula lan uyah banjur dimasak nganti

mateng. Nalika jaman biyen bubur sengkala diwadhahi ing takir kang digawe saka godhong gedhang nanging ing wektu saiki bubur sengkala diwadhahi ing piring cilik utawa mangkok plastik.

Bubur sengkala minangka salah siji ubarampe nalika slametan wetonan, tingkeban, tedhak siten, selapanan bayi, mantenan lan sapanunggale. Bubur sengkala yaiku panganan tradhisional kang digawe saka beras lan gula kang awujud bubur. Bubur sengkala kang wujude abang lan putih minangka pralambang asale manungsa saka werna abang lan werna putih. Werna putih simbol saka bapak lan werna abang simbol saka ibu. Supaya adoh saka mala, mula saben kelairan utawa tradhisi kang gegayutan marang panguripan kudu ana bubur sengkala.

4. Jajan Pasar

Jajan pasar yaiku maneka werna panganan kang didol ing pasar, mula diarani jajan pasar. Maneka wernane jajan pasar yaiku ana tape kaspe, roti goreng, krupuk, onde-onde, lan liya-liyane. Miturut pamawas saka Srirahayu (2018: 99) ngandharake yen sakabehe werna jajan pasar nduweni makna sajrone panguripan ing bebrayan yaiku nggambarake pepenginane manungsa kang maneka werna.

5. Tumpeng

Tumpeng minangka wujud akronim saka tembung ‘yen metu kudu sing mempeng’. Dene buceng wujud akronim saka tumpeng “yen mlebu kudu sing kenceng”. Tumpeng utawa buceng kang digunakake kanggo upacara adat piton-piton, wetonan, tingkeban lan sapanunggale. Tumpeng nduweni makna kultural minangka sarana kanggo nyuwun pandonga marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Ancas saka pangdonga kasebut supaya diwenehi keslametan dening Gusti Kang Maha Kuwasa saengga upacara adat kang ditindakake ora ana alangan. Tumpeng nduweni makna kultural minangka sarana kanggo nyuwun pandonga marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Ancas saka pangdonga kasebut supaya diwenehi keslametan dening Gusti Kang Maha Kuwasa saengga upacara adat kang ditindakake ora ana alangan. Makna tumpeng sajrone upacara adat dideleg saka wujude kang kerecut. Minangka wujud saka pangarepane wong tuwa supaya anake bisa nggayuh apa kang dikarepake. Tumpeng ngandhut nilai-nilai kang tansah dijunjung dhuwur dening masyarakat yaiku nilai ekonomi. Anak dikarepake bisa njunjung dhuwur wong tuwane. Makna simbolik saka tumpeng yaiku bayi kang dibancaki bisa nggayuh apa kang dikarepake lan tansah diberkahi dening Gusti Kang Maha Kuwasa (Sulistiani, dkk, 2014: 145-146).

6. Sega Punel

Sega punel uga diarani sega punar. Sega punel digunakake upacara adat mantenan, slametane wong ninggal donya, wetonan lan sapanunggale. Sega punel digawe saka beras lan banyu banjur didang dadi sega. Lumrahe lawuhe yaiku urap-uprap kang isine ana kangkung, kacang, cambah diurap klapa, ana mie, tahu, tempe, iwak pitik, endhog, iwak bandeng, sakabehe iku diwadahi takir dilemeki godhong gedhang nanging ing wektu saiki sega punel diwadhahi baskom.

Sega punel uga diarani sega punar. Sega punel digunakake upacara adat mantenan, slametane wong ninggal donya, wetonan lan sapanunggale. Sajrone upacara adat, sega punel minangka syarat utama kanggo ngirim donga. Makna sega punel yaiku kanggo ngurmati kaki antoboga lan nini antoboga kang mbahureksa jagad (Sulistiani, dkk, 2014: 131).

7. Sega Gurih

Sega gurih yaiku beras didang dikaru karo santen, uyah lan jeruk purut uga kunir, dadi wernane kuning. Lumrahe lawuhe yaiku urap-uprap kang isine ana kangkung, kacang, cambah diurap klapa, ana mie, tahu, tempe, iwak pitik, endhog, iwak bandeng, sakabehe iku diwadahi takir dilemeki godhong gedhang nanging ing wektu saiki sega gurih diwadhahi baskom. Diarani sega gurih jalaran rasane gurih. Segaluruh minangka salah sawijine asahan kang ana sajrone slametan utawa bancakan. Makna simbolik saka sega gurih yaiku ngandhut norma-norma kang dijunjung dhuwur dening masyarakat. Minangka sarana kanggo ngurmati para leluhur lan danyang (Sulistiani, dkk, 2014:152). Segaluruh minangka salah sawijine asahan kang ana sajrone slametan utawa bancakan. Makna simbolik saka sega gurih yaiku ngandhut norma-norma kang dijunjung dhuwur dening masyarakat. Minangka sarana kanggo ngurmati para leluhur lan danyang (Sulistiani, dkk, 2014:152).

8. Sega Kabuli

Sega kabuli yaiku padha karo sega gurih, sega kabuli kanggo mbancaki weton utawa kekarepan kang wis kinabul. Segaluruh kabuli digawe saka beras kang didang dikaru karo santen uyah lan jeruk purut uga kunir, dadi wernane kuning. Lumrahe lawuhe yaiku urap-uprap kang isine ana kangkung, kacang, cambah diurap klapa, ana mie, tahu, tempe, iwak pitik, endhog, iwak bandeng, sakabehe iku diwadahi takir dilemeki godhong gedhang nanging ing wektu saiki sega kabuli diwadhahi baskom.

Sega kabuli minangka wujud rasa syukur kang ditujukake marang ngarsane Gusti Kang Maha Kuwasa supaya apa kang dikarepake bisa kawujud. Nalika slametan sega kabuli iki katujukake utawa diaturake marang Mbok Dewi Pertimah.

9. Sega Golong

Sega golong minangka salah siji wujud asahan kang ana sajrone slametan ruwah ngaturi mantan, tingkeban lan ndudhudhuk pondhasi. Minangka wujud rasa syukur jalaran wis diwenehi kesempatan kanggo mbagun omah. Segaluruh golong yaiku sega putih kang dikepeli bunder-bunder, diwadhahi takir utawa baskom cacahe papat lan lima yaiku takir kaping pisan cacahe ana papat lan takir kaping pindho cacahe ana lima. Lumrahe lawuhe yaiku urap-uprap kang isine ana kangkung, kacang, cambah diurap klapa, ana mie, tahu, tempe, iwak pitik, endhog, utawa iwak bandeng.

Sega golong minangka salah siji wujud asahan kang ana sajrone slametan ruwah ngaturi mantan, tingkeban lan ndudhudhuk pondhasi. Minangka wujud rasa syukur jalaran wis diwenehi kesempatan kanggo mbagun omah. Saka wujude sega golong nglambangake urip bebarengan lan gotong royong.

10. Ketan Tawa

Katan utawa jadah yaiku salah siji jajanan tradisional kang ana ingadicara tartamtu. Ketan utawa jadah lumrahe ana ingadicara lamaran, mantenan, tingkeban lan tedhak siten. Ketan utawa jadah rasane lembut, kenyal lan gurih. Ketan digawe saka beras ketan, uyah lan klapa. Cara nggawene yaiku beras ketan direndhem utawa dikum banyu kurang luwih patang jam banjur ditus. Beras ketan sing wis atus banjur dicampur klapa parutan lan uyah. Didang kurang luwih sajam, banjur ditetel nganti alus. Ketan tawa yaiku ketan utawa jadah kang rasane tawa. Lumrahe ana ingadicara tingkeban. Ketan tawa digawe saka beras ketan nanging tanpa diwenehi uyah utawa klapa supaya rasane tawa. Cara nggawene padha kaya dene ketan utawa jadah. Kawiwan beras ketan direndhem utawa dikum banyu kurang luwih patang jam banjur ditus. Beras ketan sing wis atus banjur didang kurang luwih sajam, banjur ditetel nganti alus. Nalika jaman biyen ketan tawa diwadhahi takir, nanging ing wektu saiki diwadhahi plastik utawa dibuntel godhong gedhang.

11. Arang-Arang Kambang

Maneka wernane wujud asahan kang dicepakake nalika slametan yaiku salah sawijine ana arang-arang kambang. Arang-arang kambang yaiku ketan kang dikum utawa direndhem banjur didang ora nggawe uyah banjur diwenehi juruh santen klapa tuwa lan gula. Arang-arang kambang diwadhahi takir nanging ing jaman saiki diwadhahi mangkok plastik utawa piring cilik. Miturut pamawas saka Bapak Sukardi (19 Februari 2019) ngandharake yen arang-arang kambang kango ngelingi dulure kang ora krawatan yaiku kang ana ing sajrone lan sanjabane banyu. Mula nalika slametan nyepakake asahan utawa sesajen arang-arang kambang.

12. Rujak Serut

Sajrone upacara adat, tradhisi tingkeban salah sawijine ubarampene yaiku rujak. Bab iki slaras karo apa kang kerep dikarepeke wong nalika ngandhut yaiku pengin panganan kang rasane legi lan pedhes. Makna simbolik saka rujak serut yaiku yen rujake rasane pedhes dikira-kira anake bakal lair lanang. Yen rasa rujake enak lan seger dikira-kira anake bakal lair wadon. Norma kang dijunjung dhuwur saka rujak yaiku mulangake rasa toleransi, sopan santun, uga saling ngurmati lan ngregani (Sulistiani, dkk, 2014: 124).

13. Pala Gringsing

Makna simbolik saka pala gringsing yaiku kango ngurmati Kyai Dadung Awuk. Kyai Dadung Awuk yaiku pengrajin kuningan. Pala gringsing ngandhut makna lan nilai kapercayan. Masyarakat njunjung dhuwur nilai-nilai kang gegayutan marang pancawara lan saptawara (dina lan pasaran). Dina lan pasaran nduweni maneka werna piguna kango masyarakat Jawa. Jalaran sakabehe tradhisi lan tumindake masyarakat diitung kanthi tliti. Mula saka iku masyarakat percaya anane dina lan pasaran (Sulistiani, dkk, 2014: 115).

14. Pala Pendhem

Pala pendhen asale saka bumi, yaiku tetanduran kang wohe ana ing sajrone lemah, jinis pala pendhem kang digawe yaiku kaspe, ganyong, tela, jlurat, mbothe, uwi, gembili utawa gembolo lan kacang brul. Pala pendhem kang digawe minangka asahan yaiku jinis tetanduran kang ditandur dening masyarakat ing Kecamatan Trowulan. Royani (2017:101) ngandharake yen makna kang kinandhut ing pala pendhem yaiku kapitayane masyarakat kanggo ngurmati kang njaga lemah, mula pala pendhem minangka asahan kang wigati, pala pendhem minangka woh-wohan kang ana ing jero lemah, mula nduweni teges rejeki kang asale saka lemah. Pala pendhem uga nduweni piguna yaiku minangka wujud rasa syukur lan dedonga supaya lemahe tansah subur lan makmur. Pala pendhem kaya lumrahe digawe asahan yaiku kaspe, tela, kacang brul jalaran iki kang isih akeh ditandur masyarakat ing wektu saiki, sakabehe iku didang.

15. Takir Plonthang

Pala gringsing uga diarani pala gimbal minangka salah sawijine asahan kang ana sajrone adipara mantenan lan tingkeban. Pala gringsing yaiku karak kang digoreng banjur digoreng karo gula lan klapa. Banjur dikepeli, pala gringsing diwadhahi dadi siji ing jajan pasar. Karak yaiku sega kang dipepe nganti garing banjur digoreng. Makna simbolik saka pala gringsing yaiku kanggo ngurmati Kyai Dadung Awuk. Kyai Dadung Awuk yaiku pengrajin kuningan. Pala gringsing ngandhut makna lan nilai kapercayan. Masyarakat njunjung dhuwur nilai-nilai kang gegayutan marang pancawara lan saptawara (dina lan pasaran). Dina lan pasaran nduweni maneka werna piguna kango masyarakat Jawa. Jalaran sakabehe tradhisi lan tumindake masyarakat diitung kanthi tliti. Mula saka iku masyarakat percaya anane dina lan pasaran (Sulistiani, dkk, 2014: 115).

16. Kupat Lepet

Makna saka janur yaiku sejatine nur utawa cahya sejati. Saka wujude kupat nglambangake atine manungsa kang kebak cahya sejati. Nalika disigar isine werna putih resik kaya dene atti tanpa rasa iri marang wong liya. Kupat tegese yaiku ngaku lepat. Lepet minangka lambang panyuwunan ngapura. Kanggo njunjung dhuwur nilai-nilai budaya masyarakat. Kanggo sapa wae kang rumangsa nduweni salah luwih becik yen njaluk seputra. Kupat lepet uga minangka rerangken asahan kang ana sajrone tradhisi ruwah ngaturi mantan lan tingkeban (Sulistiani, dkk, 2014: 116-119).

17. Iwel-Iwel, Pasung Procot lan Pleret

Makna saka iwel-iwel yaiku minangka wujud syukur jalaran wis diwenehi keslametan lair batin. Saliyane iku uga supaya anake kang wis dilairake bisa ngabekti marang wong tuwane. Iwel-iwel uga kanggo nulak balak (Sulistiani, dkk, 2014: 33-34). Makna saka pasung yaiku supaya bayine bisa lair sehat lan kuwat. Nilai-nilai kang dijunjung yaiku saben manungsa kang diciptakake dening Gusti Kang Maha Kuwasa bisa taat lan bisa slamt.

Makna simbolik saka procot yaiku supaya bayi kang dikandhut bisa lair cepet, slamet, lancar tanpa alangan. Nilai-nilai kang dijunjung yaiku saben manungsa kang

diciptakake dening Gusti Kang Maha Kuwasa wis diatur panguripane. Makna liyane yaiku mati, urip lan rejeki yaiku rahasia lan takdir saka Gusti Kang Maha Kuwasa. Mula kudu tansah ngregami lan ngurmati wong liya. Makna saka pleret yaiku supaya bayine bakal lair kanthi slamet. Nilai-nilai kang dijunjung yaiku saben manungsa kang diciptakake dening Gusti Kang Maha Kuwasa kudu taat supaya uripe slamet.

18. Sandhingan

Sandhingan minangka sesajen kanggo makhluk alus kang jaga. Mula nalika slametan diwenehi sandhingan ing perangan omahe kang nduwe gawe. Lumrahe sandhingan iki diselelah ing panggonan masak, panggonan turu, panggonan macaki manten, lan ing gamelan yen nanggap hiburan. Sandhingan diaturake marang para pinisepuh lan kang mbahureksa papan-papan kasebut. Nalika nindakake sawijine kajad gedhe kaya dene mantu, mesti ana sithik akeh kekurangane. Mula saka iki diwenehi sesajen sandhingan minangka wujud nyuwun pangapura, menawa anggone menehi sesajen ana kang kurang.

19. Gedhang Raja

gedhang raja minangka pralambang kamulyane pawongan raja kang bisa njunjung dhuwur kabeh rakyate. Gedhang raja nduweni makna raja, kang nglambangke kematen kang dadi raja sedina. Dikarepake supaya kemantene bisa nduweni sipat kaya raja. Anggone mbagun bale wisma bisa adil, wicaksana lan luhur budine. Gedhang raja minangka wujud tetuwuhan kang bisa ditandur lan urip ing ngendi wae, gedhang raja uga ngasilake woh. Mula wong kang mbagun bale wisma uga dikarepake bisa ngasilake keturunan yaiku anak. Lumantar gedhang raja mujudake kekarepan kang becik. Saliyane iku uga njaluk berkat kuwat slamet marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

20. Apem

Apem yaiku salah siji panganan tradisional kang mesti ana ing kajatan. Apem digawe saka glepung beras, vanili, gula, ragi, tape, banyu klapa lan santen. Cara nggawe apem yaiku glepung beras dicampur karo tape, gula, vanili, banjur diulen. Banjur diwenehi banyu klapa lan santen uga ragi, dicampur nganti rata banjur ditutup nganti ngembang. Yen wis ngembang banjur dicithak nggunakake cithakan apem kang wujude bunder-bunder.

Makna simbolis saka apem sajrone upacara trahisional yaiku minangka sarana ngirim donga. Ngandhut nilai-nilai kang dijunjung dhuwur dening masyarakat. Minangka wujud panyuwun ngapura saka wong kang wis ninggal donya. Sajrone slametan pitung dina nganti sewu dinane nglambangake payung tumrape wong kang wis ninggal donya. Simbol payung ngandhut makna yen sakabehe manungsa kang wis ninggal donya tetep ana kang nglindhungi. Simbol panyuwunan ngapura ngandhut nilai yen sakabehe manungsa kudu njunjung silahturahmi marang dulur lan tangga teparo (Sulistiani, dkk, 2014: 119-121).

21. Kendhi lan Kobokan

Kendhi lan kobokan uga diaturake marang makhluk kang ora katon yaiku kaki lanting lan nini cawik. Kendhi yaiku wadhah kanggo ngombe kang isine banyu putih. Kendhi minangka wadhah banyu ngombe kang wis digunakake wiwit jama bijen. Kendhi digunakake kanggo ngombe kanthi cara dilanting mula diaturake marang kaki lan nini lanting. Dene kobokan yaiku kanggo wijik nalika sarampunge mangan tumpeng, mula diaturake marang kaki cawik lan nini cawik.

22. Tumpeng Kepungkur

Tumpeng kepungkur yaiku aran kanggo jinis tumpeng nalika mbrokohi wong kang ninggal donya. Tumpeng kapungkur wujude yaiku satampah isine sega buceng utawa sega kang awujud gunungan cacahane ana 2, lawuhe padha kaya dene tumpeng liyane. Lumrahe lawuhe yaiku urap-uprap kang isine ana kangkung, cambah diurap klapa, ana mie, tahu, tempe, iwak pitik, endhog, iwak bandeng. Miturut pamawas saka Bapak Sukardi (19 Februari 2019) ngandharake yen tumpeng kepungkur kanggo nyuwun pangapura wong kang ninggal donya. Supaya diwenehi padhang lakune lan jembar kubure.

Tumpeng kepungkur yaiku tumpeng kanggo wong kang ninggal donya. Tumpeng kepungkur diaturake marang nyai danyang, kaki danyang, danyang Pakis, jaler estri, ngaturi nyai bakal, kaki bakal sing mbabat Dhusun Pakis Candi. Tumpeng kepungkur nduweni arti yaiku bab kang wis klakon. Mula diwenehi sesaji tumpeng kepungkur supaya ora ana kulawarga kang ninggal donya meneh. Asahan kang wujude tumpeng kepungkur yaiku kanthi kekarepan supaya wong kang ninggal donya kasebut tansah diparingi padhang lakune, jembar kubure lan diampuni sakabehe dosane. Kanggo kulawarga kang ditinggalake supaya diwenehi seger waras, diparingi slamet sedaya asale nyambut damel lan satindak lakune.

Fungsi Ujub Turap Masyarakat

1. Minangka Sistem Proyeksi

Tradhisi ujub minangka piranti kanggo nggambarake lan mujudake apa kang dadi pangangeng-angene masyarakat lan apa kang dikarepake dening masyarakat. Fungsi ujub minangka sistem proyeksi sajrone tradhisi yaiku supaya masyarakat oleh keslametan lan kemakmuran sattingkah polahe lan sasaba parane saka Gusti Kang Maha Kuwasa. Angen-angen iku bisa dirungokake saka tuturan kang diucapake dening tukang ujub nalika ngujubake.

2. Minangka Piranti Pangesahan Pranata-Pranata lan Lembaga Kabudayan

Tradhisi ujub uga minangka piranti pangesah pranata-pranata lembaga kabudayan, saka tradhisi ujub minangka kapercayan kang dianut dening masyarakat mula diakui minangka salah siji piranti pangesah pranata-pranata lan lembaga kabudayan ing dhaerah Kecamatan Trowulan. Pranata kabudayan minangka wujud tingkah laku sosial kaya dene adat-istiadat lan norma kang dadi pedhoman, anggone urip ing satengahe bebrayan. Maneka werna tradhisi kang ana lan dilestarikake dening masyarakat mligine tradhisi ujub nduweni pranata sosial dhewe-dhewe.

3. Minangka Piranti Panggulawenthah Anak

Tradhisi ujub kang isih diugemi lan ditindakake dening masyarakat. Sajrone tradhisi ujub ngandhut akeh banget piwulungan kang bisa dadi patuladhan tumrap masyarakat mligine para generasi mudha. Tradhisi ujub minangka salah sawijine kabudayan Jawa kang khas kang bisa dadi sarana panggulawenthah utawa sarana ndhidhik para generasi mudha.

4. Minangka Piranti Pengawas Norma-Norma Masyarakat

Lumantar tradhisi ujub bisa kanggo piranti ngawasi norma-norma masyarakat, utamane bisa ngraketake paseduluran marang tangga teparo nalika nindakake slametan utawa bancakan, uga minangka pangeling-eling kanggo manungsa yen urip ing donya iku butuh wong liya lan urip iku kudu bisa tulung-tinulung, nalika ana tangga butuh pitulungan mula yen bisa ditulungi, uga nalika nduwe rejeki kudu eling marang tangga, nalika slametan utawa bancakan uga kudu ngundang tangga supaya tansah urip guyup rukun lan ayem tentrem.

5. Fungsi Liya-liyane

Fungsi liyane kang ana ing ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto yaiku fungsi paseduluran, fungsi religi, nuwuake rasa tanggung jawab, fungsi ekonomi, lan promosi budaya.

Dudutan

Ujub iku awujud basa kang diucapake dening para tukang ngajatake slametan sawise saperangan asahan utawa sajen kang wis cumawis miturut niyat kajate slametan. Ujub yaiku ngekralake maneka wernane asahan, siji mbaka siji lan katujukake kanggo sapa wae. Asahan yaiku maneka werna sesajen kang disiyapake nalika slametan utawa bancakan trep marang kajat kang diduweni. Saben wujud asahan iku nduweni dunung dhewe-dhewe yaiku ngaturi bagiyane para leluhur, kaya dene ngaturi cikal bakal, akal bakal kang kang mbabat sawijine papan panggonan, ngaturi kaki danyang lan nyai danyang kang mbahureksa papan panggonane, uga ngaturi kaki among lan nyai among kang momong awakedhewe satindak lakune, rina wengi lan sasaba parane, uga ngaduheke saka bab-bab ala kang mbebayani.

Pamrayoga

Generasi mudha luwih becik yen bisa nyinaoni kabudayane lan kudu bisa njaga uga nglestarikake kabudayan supaya kabudayan tansah ngrembaka lan ora dijupuk bangsa liya. Masyarakat Jawa luwih becik yen bisa mangerten lan njaga tradhisi kang ana ing dhaerahe, mligine folklor lisan kang awujud ujub kang wis ana lan ngrembaka wiwit jamane para leluhur. Tradhisi ujub kudu tansah diuri-uri supaya bisa lestari nganti generasi sabanjure. Masyarakat nduweni jejibahan kanggo njaga lan nglestarikake kabudayan iki. Panliti nduweni pangarep-arep anane panliten iki bisa migunani tumrap panliten tradhisi sabanjure. Panliten makna lan fungsi ujub sajrone tradhisi ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto isih mbuthake pamrayoga kanggo panliten sabanjure.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2016. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, J. 2002. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Grodin, Jean. 2008. *Sejarah Hermeneutik: Dari Plato Sampai Gadamer*. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media.
- Koentjaraningrat. 1981. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Aksara Baru.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Qori'ah, Alfi, dkk. 2018. Sastra Lisan Mantra Ujub-ujub: Makna dan Fungsinya Dalam Masyarakat Desa Karangrejo Kabupaten Malang Jawa Timur. *Jurnal Bahasa, Seni, dan Pengajaran*, Oktober 2018, Volume 2, Nomor 2. Universitas Muhammadiyah Malang.
- Soekanto, Soerjono. 2002. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulistiani, Sri, dkk. 2014. *Makanan Tradisional Jawa Timur: Tinjauan Bentuk, Makna dan Fungsi*. Laporan Penelitian Fundamental. Tidak Diterbitkan.
- Sumitri, Ni Wayan. 2016. *Tradisi Lisan Vera: Jendela Bahasa, sastra, dan Budaya: Etnik Rongga*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Suwarni lan Sri Wahyu Widayati. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Teeuw, A. 2013. *Sastra Dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Bandung: PT Dunia Pustaka Jaya.
- Teng, Muhammad Bahar Akkase. 2017. *Filsafat Kebudayaan Dan Sastra (Dalam Perspektif Sejarah)*. Departemen Ilmu Sejarah, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Hasanuddin. *Jurnal Ilmu Budaya* Volume 5, Nomor 1, Juni 2017, ISSN 2354-7294.
- Yanto, Andri. 2015. *Simbol-simbol Lingual dalam Tuturan "Ujub Genduren" Siklus Hidup Masyarakat Desa Seneporejo*. Jurnal. FKIP, universitas. Jember.